

Akademi Pwogram Ochwa ak Karyè

2025-2026

Charting Your Course to Success



DÉNYE DÈLÉ

6 Dessanm 2024


- A.W Dreyfoos School of the Arts
 - Bak Middle School of the Arts
- epi yo mande odisyon pou pwogram Atizay nan:*
- Boynton Beach Community High
 - West Boca Raton Community High
 - The Conservatory School @ North Palm Beach

31 janvye 2025

• Tout lòt pwogram ki pas nan lis pi wo a

Aplike sou Entènèt

Y ap kòmanse resevwa aplikasyon
4 novanm 2024



Pwogram Espesyalizasyon ak Akademi Karyè

Osiјè Pwogram Espesyalizasyon

Pou vin konnen pi plis sou Pwogram Espesyalizasyon ki disponib nan Rejyon Palm Beach:

- Vizite Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè nan palmbeachschools.org/choice Eksplore opsyon chwa yo epi soumèt aplikasyon w nan mypbchoiceapp.com
- Eksplore tout pwogram nan Ekspozisyon Anyèl Lekòl yo nan www.palmbeachschools.org/showcase
- Gade sit lekòl yo epi ale nan Jounen Reyinyon Jeneral yo
- Imèl kesyon bay choicequestions@palmbeachschools.org

Pwogram Espesyalizasyon ak Akademi Karyè

Fanmi ki gen elèv k ap antre nan jadandanfan, rive nan 12^{yém} ane genyen opòtinité pou yo chwazi parmi yon seri kourikoulòm yo ofri, ki baze sou tèm, nan nivo lekòl elementè, mwayen ak segondè kote pwofesè ki prepare espesyalman ofri enstriksyon akademik rigoure ak inovatif. Elèv yo kapab aplike pou youn oswa de (2) pwogram Espesyalizasyon oubyen Akademi Karyè kote ki gen espas disponib. Y ap fè seleksyon pou plasman nan prentan chak ane atravè yon pwosesis lotri. Yo bay transpò sèlman pou zòn yo te deziye yo. Pwogram sa yo bay elèv yon chemen pou edikasyon aprè lekòl segondè ak karyè.

Pwogram Espesyalizasyon

Pwogram Espesyalizasyon yo enkli, kontinyasyon Atizay K-12, kontinyasyon Bakaloreya Entènasyonal, Kontinyasyon Bileng K-12, pwogram Cambridge Academy elementè ak segondè, pwogram STEM (Syans, Teknoloji, Jeni, ak Matematik) nan tout nivo, Montessori nan lekòl primè, STEAM (STEM + Atizay), ak Syans Animal ak Anviwònmantala, Sante ak Byennèt.

Pwogram Akademi Karyè - Preparasyon pou Sèten Endistri

Pandan w ap travay avèk pitit ou a pou fè meyè chwa edikatif ak planifye karyè, tanpri vizite floridashines.org epi itilize envantè ki enterese nou, ki disponib yo. *Floridashines* se yon zouti planifikasyon karyè ak edikasyon gratis k ap ede elèv ou a nan chwazi yon chemen edikatif ki alienen avèk chwa karyè yo fè. Tanpri, fè elèv la konekte epi pwofite sèvis *Floridashines* genyen ki disponib pou li.

Endistri yo Vize

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ap prepare elèv pou karyè nan yon varyete sektè yo vize jan sa alienen avèk bezwen devlopman ekonomik ak mendèv reyon an. Pandan elèv la ap planifye chemen karyè li, li kapab swete konsidere pwogram nan endistri yo vize tankou avyasyon/aewoespasyal/jeni, Teknoloji Enfòmatik/Telekomunikasyon, ak Swen Sante. Tout domèn sa yo ofri yon pakèt opòtinité karyè pou anplwa ki mande gwo konpetans epi ki peye byen.

Dat Limit Aplikasyon pou Ane 2025-2026

6 desanm 2024*: Dat limit aplikasyon si nenpòt nan 2 chwa yo se youn nan lekòl Atizay sa yo:

- Bak Middle School of the Arts (tout pwogram)
- The Conservatory School @ North Palm Beach-Mizik-Fanfa ak Mizik -Okès Enstriksyon akòd (klas 6-8)
- A.W. Dreyfoos. School of the Arts (tout pwogram)
- Boynton Beach Community High School Arts programs (Dans, Medya Dijital, Mizik-Fanfa, Mizik-Vokal, Teyat, ak Atizay Plastik)
- West Boca Raton Community High School Arts programs (Dans, Mizik-Fanfa, Mizik-Vokal, ak Teyat)

31 janvye 2025*: Dat limit pou tout pwogram Espesyalizasyon, ki pa pwogram Boza nan lis anwo a. Y ap aksepte aplikasyon anreta pandan dat yo pibliye yo. Yo dwe soumèt tout aplikasyon anreta yo sou entènèt. *Dat limit aplikasyon pou espesyalizasyon yo kapabchanje akoz kondisyon enprevizib ki enkli, men san yo pa limite a: Fèmti Distri/Lekòl, delè nan fonksyonman toulejou distri lekòl, chanjman nan kalandriye lekòl, konje, tès, elatriye. Y ap pibliye Mizajou dat limit yo.

Opsyon Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon ak Pwogram Entèn

Pwogram Entèn (yo ofri nan lekòl la)

Pwogram yo rele 'In-House' yo disponib sèlman pou elèv ki rete nan zòn lekòl ki genyen pwogram sa a. Yo ankouraje elèv yo anpil pou yo aplike pou pwogram entèn yo paske yo ogmante pwobabilite pou yo aksepte yo nan pwogram nan. Elèv yo aksepte nan pwogram entèn la pa kapab kontinye si yo chanje kay epi yo pa rete nan zòn limit lekòl la.

Pwogram Espesyalizasyon

Pwogram yo deziyen kòm "Espesyalizasyon" yo disponib pou tout elèv, san konsidere zòn limit lekòl. Si yon elèv ap aplike pou yon pwogram Espesyalizasyon yo ofri nan lekòl zòn ni, li dwe mete pwogram lekòl zòn nan kòm premye chwa. Elèv yo aksepte nan pwogram entèn nan pa kapab kontinye si yo chanje kay epi yo pa rete nan zòn limit lekòl la.

Divèsite Pwogram yo

Tout elèv ki genyen laj pou ale lekòl elijib pou aplike pou yon Pwogram Espesyalizasyon. Yo ankouraje elèv ESE, ELL, ak 504 pou aplike pou yon Pwogram Espesyalizasyon. Si yo aksepte l nan yon lekòl, yon ekip ESE pral reyini pou garanti yo kapab sipòte bezwen elèv la nan lekòl ki aksepte li a.

Adrès ak Rezidans nan Aplikasyon

Adrès elèv la jan yo rekonèt li nan Sistèm Enfòmasyon Elèv (SIS) Distri a, dwe ajou epi li dwe matche adrès paran/respondab la nan moman y ap soumèt aplikasyon an. Si adrès elèv la te fèk chanje, yo dwe mete li ajou nan lekòl Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la avan yo soumèt aplikasyon an. Chanjman adrès aprè soumisyon aplikasyon an ak/oswa pwosesis lotri a kapab afekte sitiayson aplikasyon an oswa plasman nan espesyalizasyon an.

Paran ak elèv la dwe abite nan Rejyon Palm Beach la aplentan nan moman y ap soumèt aplikasyon an. Moun ki pa rezidan Rejyon Palm Beach pa elijib pou yon pwogram Espesyalizasyon amwenske paran oswa responsab la se enplwaye aplentan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la.

Paran ki Divòse/Separe

Si paran yo divòse/separe, y ap sèvi avèk adrès ki nan SIS la nan moman soumisyon aplikasyon an.

Chanjman Adrès aprè Soumisyon Aplikasyon an

- Si adrès aplikan chanje aprè soumisyon aplikasyon an, y ap voye yon avi pa imèl pou revize chwa yo baze sou nouvo adrès elèv la.
- Aplikasyon ki pa ajou aprè yon chanjman adrès kapab vin pa elijib pou lotri Chwa a.
- Chanjman adrès akoz chanjman kay pa otorize aprè dat limit yo pibliye yo.
- Nan ka yo pa mete adrès yo ajou apre yon demenajman, sa kapab lakoziyo revoke yon plasman nan yon pwogram espesyalizasyon.
- Aplikan ki demenaje soti nan Rejyon Palm Beach nenpòt lè avan, pandan oswa aprè aplikasyon pou lotri a ak/oswa pwosesis plasman an pral wè yo make inelijib sou aplikasyon yo a ak/oswa plasman an revoke akoz yo demenaje kite rejyon an.
- Aplikan yo fin plase nan yon pwogram Espesyalizasyon kòm yon elèv ki rezide nan zòn limit yon lekòl epi ki demenaje avan premye jou ane lekòl la, y ap retire l nan lis moun ki rete nan zòn limit lekòl la epi y ap plase l nan yon lisdatant kòm moun ki andeyò zòn limit lekòl la. Si yon plas vin disponib, yo kapab plase elèv la kòm yon aplikan ki rete andeyò zòn limit lekòl la.
- Kòm yon elèv ki rete nan zòn lekòl la, ki te enskri nan nan yon pwogram espesyalizasyon (Elèv lekòl primè depi omwen 3 an; lekòl elèv segondè depi omwen 2 an) kapab rete nan pwogram nan kòm yon elèv ki pa rezide nan zòn limit lekòl la (OOB) apati demenajman an, si genyen plas ki disponib, direktyè/tris lekòl la apwouve l, epi elèv la kontinye respekte tèm kontra Pwogram Espesyalizasyon an. Yo dwe soumèt prèv demenajman an epi Depatman Espesyalizasyon ak Chwa Karyè dwe verifye l.
- Yo p ap mete elèv ki nan lisdatant pou yon Pwogram Espesyalizasyon kòm yon aplikan ki pa rezide nan zòn limit lekòl la nan yon lisdatant kòm moun ki rezide nan zòn limit lekòl oswa yon lis plasman kòm moun ki rezide nan zòn limit lekòl la kòm konsekans yon demenajman ki fèt aprè tiraj lotri a fin fèt.
- Elèv yo plase kòm moun ki rezide nan zòn limit lekòl la nan yon pwogram espesyalizasyon oswa entèn kapab wè yo revoke plasman yo a si yo demenaje kite zòn limit lekòl la.
- Yon elèv ki enskri nan yon pwogram entèn pa elijib pou rete nan pwogram nan si li demenaje kite zòn lekòl la.

Opsyon Pou Soumisyon Aplikasyon

Sou Entènèt: Aplikasyon pou pwogram espesyalizasyon disponib sou entènèt nan www.mypbchcoiceapp.com pandan dat peryòd aplikasyon yo pibliye yo. Avan li soumèt yon aplikasyon, para/respondab la dwe kreye yon Ekran Fanmi; yonsèl non itilizatè ak modpas kapab sèvi pou chak kont elèv. Yo rekòmande pou paran/respondab pataje enfòmasyon sa a avèk lòt paran/respondab legal elèv la; estaf depatman Espesyalizasyon an pa kapab bay paran ki pa responsab legal yo aksè oswa enfòmasyon. Pou sekirite elèv la, estaf depatman an p ap bay aksè nan aplikasyon oswa enfòmasyon elèv la bay paran ki divòse/separe/ki pa responsab legal, ki pa okouran sitiayson aplikasyon pitit yo, san yon dokiman legal pou yo fè sa.

Aplikasyon an pa konplè jiskaske ou resevewa yon imel nimewo lòd/konfirmasyon. Y ap voye yon imel nan adrès ki nan dosye a. Si w p ap resevwa komunikasyon konsènan aplikasyon pitit ou a, fè sèten ou tcheke katab "Spam/Junk ou. Ou kapab tou tcheke pòtay paran an pou kondisyon resoumisyon, ansanm ak mizajou.

Odisyon

Lekòl sa yo egzije odisyon pou detèmine eligibilite:

Bak Middle School of the Arts (tout pwogram yo), The Conservatory School @ North Palm Beach (klas 6-8), A.W. Dreyfoos School of the Arts (tout pwogram yo), Boynton Beach Community High School Arts programs, and West Boca Raton Community High Arts programs (Dans, Mizik-Fanfa, Mizik-Vokal, ak Teyat)

Lekòl Boza a ki konsène an ap pwogramme yon odisyon pou aplikan yo. Y ap fè aplikan yo apwouve yo konnen atravè imel ak/oswa lapòs U.S. pwosedи odisyon yo ak/oswa lè ak dat odisyon elèv la.

- Chak lekòl ki egzije odisyon ap pibliye pwosesis pou odisyon yo chak ane. Gid sa yo pral idantifye platfòm pou odisyon elèv yo pou ane kouran an. **Nenpòt aplikan k ap aplike pou yon pwogram ki mande Odisyon dwe respekte direktiv resan distri a nan sa ki genyen rapò avèk pwosesis odisyon an. Chak lekòl an patikilye ap bay enfòmasyon adisyonèl.**
- Amwenske yo di yon lòt bagay, elèv yo dwe prezan fizikman pou yon odisyon. Si yon elèv malad nan dat odisyon an, yo kapab konsidere elèv sa a pou yon nouvo dat ak lè odisyon aprè yo fin resevwa yon nòt alekri ki soti nanmen doktè ki verifye li te malad. Yo dwe soumèt lèt vefirifikasyon sa a bay lekòl ki apwopriye a nan twa (3) jou lekòl apati dat yo te pwogramme odisyon elèv la. Lekòl la ap chwazi yon nouvo dat pou yon odisyon sèlman si genyen lòt dat odisyon ki disponib.
- Se responsabilite paran/respondab la pou fè lekòl k ap fè odisyon konnen si genyen yon plan IEP oswa 504 ki aktif oswa y ap travay sou li, nan enskripsyon pou odisyon an ak/oswa nan dat odisyon **an (yo).**
- Pi gwo nòt pou eligibilite pou odisyon obligatwa pou elèv k ap chanje klas nan Bak Middle School of the Arts, The Conservatory School @ North Palm Beach, A.W. Dreyfoos School of the Arts, Boynton Beach High School Arts Programs, and West Boca Raton High School Arts Programs (Dance, Music-Band, Music-Vocal, and Theatre). Kontakte lekòl ki konsène an pou plis enfòmasyon.

Pou plis enfòmasyon konsènan Direktiv pou Admisyon ak Odisyon, vizite sit lekòl ki konsène an:

- Bak Middle School of the Arts:
palmbeachschools.org/msoa
- The Conservatory School @ North Palm Beach:
palmbeachschools.org/TheConservatorySchool
- A.W. Dreyfoos. School of the Arts.
palmbeachschools.org/DSOA
- Boynton Beach Community High School (Program Atizay): palmbeachschools.org/BoyntonBeachHigh
- West Boca Raton Community High School (Pwogram Atizay) palmbeachschools.org/WestBocaHighSchool

Paran/responsab legal ki panse yo pa t bay pitit yo yon opòtinité ekitab pou program Chwa pandan odisyon a oswa pwosesis elijiblite a kòm rezulta yon pwoblèm teknik oswa enjistis, yo kapab mande yon apèl.

Yo dwe soumèt yon aplikasyon pou yon apèl pou elijiblite nan yon pwogram Espesyalizasyon nan senk (5) jou lekòl apati dat odisyon an bay Direktè/tris Chwa ak Opsyon Karyè a. **Klike la a pou telechaje Aplikasyon Pwogram Espesyalizasyon an pou fè apèl.**

Plas ki Disponib nan Pwogram Espesyalizasyon

Pi fò plas ki disponib nan chak lekòl se pou elèv k ap antre nan klas jadandanfan, sisyèm (6), oswa nevyèm (9) ane. Bwochi sou Espesyalizasyon an bay yon gam plas ki disponib pou chak pwogram Kantite sa yo pa yon garanti kantite plas ki disponib pou lotri Chwa 2025-2026 la kòm chanjman nan mache imobilye, kantite enskripsyon yo pwojte ak/oswa chanjman nan zòn limit lekòl.

Akòz faktè ki afekte enskripsiyan lekòl la, plas chwa yo pa ka resevwa lajan oswa yo pa ka disponib nan tout nivo klas yo.

Seleksyon Pwogram Espesyalizasyon

Se yonsèl aplikasyon ou kapab soumèt pou chak timoun. Moun kapab seleksyone yon maksimòm 2 Pwogram Espesyalizasyon. Aplikan yo plase premye ak dezyèm chwa yo nan lòd preferans. Sepandan, premye oswa dezyèm chwa PA gen menm chans pou yo seleksyone yo. Seleksyon yon dezyèm chwa pa diminye chans yon elèv pou yo plase nan premye chwa li a.

Chwa yo kapab nenpòt konbinezon pwogram oswa lekòl, avèk eksepsyon seksyon Pwogram ki Repeteanta la a.

Pwogram ki genyen yon kantite plas ki limite kapab pa genyen okenn elèv dezyèm chwa yo plase nan lotri a.

Y ap otorize yon chanjman nan seleksyon pwogram epi avan dat limit yo pibliye yo.

Yo pa kapab chanje aplikasyon ki baze sou odisyon pou pwogram boza, aprè dat limit avan an ki se 6 desanm 2024.

Pwogram ki Repete

Si yon elèv ap aplike pou yon program Chwa yo ofri nan lekòl ki nan zòn ni, li dwe mete pwogram lekòl zòn nan kòm premye chwa oswa yo p ap konsidere aplikasyon an, avèk kèk eksepsyon:

- Elèv yo defini ki kapab ale nan yo lekòl zòn yo ki genyen yon to enskripsiyan 95% oswa plis, ap kapab aplike pou yon menm pwogram yo ofri nan yon lòt lekòl.

- Tout elèv ki nan klas apwopriye kapab aplike premye chwa nan lekòl Chwa konplè: Morikami Park Elementary School, Northboro Elementary School, Poinciana Elementary School, S.D. Spady Elementary School, Bak Middle School of the Arts, Don Estridge High Tech Middle School, A.W. Dreyfoos School of the Arts, Suncoast High School, and Village Academy.
- Tout elèv klas apwopriye kapab aplike tou pou pwogram Espesyalizasyon 6-8 yo ofri nan lekòl K-8 sa yo Addison Mizner School, D.D. Eisenhower K-8, Hidden Oaks K-8, North Grade K-8, Plumosa K-8, The Conservatory School@ North Palm Beach, and Verde K-8.

Elijiblite Aplikan

Pou yo kapab konsidere yo elijib pou lotri a, aplikan yo dwe satisfè kritè espesifik:

- Tout aplikan dwe satisfè kondisyon laj ak adres.
- Pa genyen kritè elijiblite pou pwogram chwa nan pre-k (matènèl) oswa lekol primè, eksepte pwogram Bileng. Akoz rigè pwogram Bileng yo aprè premye ane, aplikan yo dwe resevwa yon nòt elijib nan yon egzamen langaj kouran pou detèmine elijiblite. Elèv k ap antre nan yon Pwogram Bileng Espanyòl pou premye fwa nan klas 2-5^{yém} ane dwe pase yon egzamen langaj kouran pou detèmine elijiblite avan yo kapab elijib pou lotri chwa a.
- Elèv ki pa satisfè kritè elijiblite yo p ap antre nan lotri a pou pwogram sa a.
- Si yo detèmine yon elèv pa elijib pou premye chwa li seleksyone a, yo pap konsidere dezyèm chwa a kòm preferans premye chwa a.
- Elèv pa dwe aplike pou yon Pwogram Espesyalizasyon nan menm lekòl kote yo aktyèlman an pwobasyon.
- Si yo retire yon elèv nan yon Pwogram Espesyalizasyon, li pa elijib pou I aplike ankò pou menm Pwogram Espesyalizasyon an nan lekòl kote yo te retire I la nan okenn sik aplikasyon alavni.
- Apikan ki aplike nan yon pwogram ki mande pou yo fini kou matematik yo dwe bay verifikasiyon enskripsiyan ak dokiman dat limit publik lekòl la.

Kalkil GPA pou Elijibile

Apikan k ap antre nan 9^{yém} ane : yo kalkile GPA avèk mwayèn tout kou pou 4^{yém} semès klas 7^{yém} ane yo ak 1^{yém} ak 2^{yém} semès klas 8^{yém} ane.

Apikan k ap antre nan 10^{yém} - 12^{yém} ane: GPA a ap baze sou GPA elèv la te genyen nan moman y ap detèmine elijiblite a.

Kalkil GPA pou nenpòt lekòl mwayen prive (klas 6-8)

Y ap akomode elèv ki nan orè trimestriyèl yo avan yo pibliye rezulta lotri a.

Elèv Edikasyon Adomisil

Elèv Edikasyon Adomisil ki elijib yo dwe se rezidan aplentan Rejyon Palm Beach. Pou yo kapab detèmine elijiblite pou plizyè pwogram, yo dwe soumèt kanè, relvednòt ak/oswa pòtfolyo elèv edikasyon adomisil yo bay lekòl aplikan an, pa pita pase 31 janvye 2025. Yo dwe tou telechaje dokimantasyon pou elijiblite yo nan aplikasyon sou entènèt la rive 31 janvye 2025. Kontakte Kowòdinatè Chwa a nan lekòl la (yo) pou plis enfòmasyon oswa imel kesyon Home Ed yo bay homeed@palmbeachschools.org

Pwogram Entèn konpare ak Nan Zòn Limit Lekòl

Yon "in-house" program se yon pwogram yo ofri elèv ki rete nan zòn lekòl. Elèv ki pa rete nan zòn limit lekòl la pa kapab aplike pou yon pwogram entèn. "In boundaries" refere a aplikan oswa elèv ki nan oswa yo plase nan yon pwogram Espesyalizasyon epi ki nan zòn limit lekòl kote yo ofri pwogram nan. Elèv ki pa rete nan zòn limit lekòl la kapab aplike pou yon Pwogram Espesyalizasyon nan yon lòt lekòl.

Demann Absans nan Pwogram Espesyalizasyon

Elèv ki pa kapab oswa ki pa dispoze patisipe aplentan nan pwogram kote yo te plase yo p ap kapab jwenn yon pèmisyon pou absans. Elèv ki volontèman kite yon lekòl oswa yon pwogram p ap kapab retounen ladan li pi devan.

Pwosesis Seleksyon Lotri

Lotri pwogram Espesyalizasyon pou 2025-2026 la ap fèt an mas 2025. Nan pwosesis lotri seleksyon an, genyen preferans pou aplikan espesyal. Yo aplike preferans sa yo pou seleksyon premye chwa yo. Yo kalkile kantite plas pou sa ki pa nan zòn lekòl la ki disponib pou chak pwogram chak ane aprè yo fin revize anwolman kouran an ak pwojeksyon. Yo kapab plase elèv yo kòm moun ki rete nan zòn limit lekòl la oswa kòm moun ki pa rete nan zòn lekòl la, tou depann de adrès kay yo nan moman pwoseis lotri seleksyon an. Si yon pwogram genyen plis aplikan premye chwa passe plas ki disponib, y ap plase aplikan yo nan yon pwosesis seleksyon lotri selon preferans yo apwouye nan lòt sa a (yo dekri chak preferans anba la a):

1. Lis 20% direktè/tris (opsyonèl)
2. Anplwaye
3. Lame
4. IB*/IB MYP Continuum (Aplikab sèlman pou pwogram IB yo nan lekòl segondè sa yo: Atlantic, Forest Hill, Pahokee, Suncoast, William T. Dwyer)
5. FAU Biomedical
6. K-8 Continuum
7. Priyorate SAC
8. Frè/Sè (ki nan lekòl la sèlman)
9. Eleman Pwogram nan

20% Direktè/tris preferans se yon seleksyon opsyonèl elèv baze sou yon seri kritè chak direktè/tris etabli avan lotri a. Malgre tout elèv yo plase avèk preferans sa a satisfè kritè ki te etabli yo, se pa tout elèv ki satisfè kritè ki te etabli yo y ap konsidere pou preferans 20% Direktè/tris la. Pwosesis lotri seleksyon sou chans la pral plase elèv avèk preferans sa a. Kantite elèv yo plase yo p ap depase 20% plas yo genyen pou moun ki pa rete nan zòn lekòl la pou chak nivo klas pou chak pwogram.

Anplwaye yo ofri preferans bay aplikan ki genyen paran oswa responsab legal la ap travay nan lekòl kote elèv la ap aplike a kòm premye preferans nan chwa li. Pwosesis lotri seleksyon sou chans pral plase elèv avèk preferans sa a. Kantite elèv yo plase yo p ap depase kantite plas yo prevwa ki disponib pou pwogram nan

Militè yo ofri preferans bay aplikan ki genyen paran oswa responsab legal ki aktyèlman an sèvis aktif aplentan. Yo dwe deklare aplikan an kòm depandan nan "Defense Enrollment Eligibility Reporting System (DEERS)".

Yo p ap bay paran/responsab legal ki nan Rezèv oswa Gad Nasyonal ak/oswa ki nan sèvis aktif pou egzijans trening anyèl, preferans nan lotri Chwa a. Yo dwe telechaje lòd ofisyèl ki montre sityasyon sèvis aktif ak prèv depandans tankou kat ID militè elèv la, lè y ap soumèt aplikasyon an. Pwosesis lotri seleksyon sou chans pral plase elèv avèk preferans sa a. Kantite elèv yo plase yo p ap depase kantite plas yo prevwa ki disponib pou pwogram nan.

IB*/IB MYP Continuum aplikan pou espelizasyon yo pou kontinyasyon pwogram IB*/IB MYP nan lekòl segondè ki te pase klas 7 ak 8^{yém} ane avèk siksè (Nivo MYP 2 ak 3) epi ki satisfè kondisyon elijiblite IB yo, yo pral plase yon nan lekòl segondè patnè MYP a jan yo endike I piba a. Kantite elèv yo plase yo p ap depase kantite plas yo prevwa ki disponib pou pwogram nan

Carver MS > Atlantic HS

John F. Kennedy MS > Suncoast

HS Conniston MS > Forest Hill

HS Pahokee MS > Pahokee HS

FAU Biomedical pwogram Syans Biyomedikal la se yon kontinyasyon pwogram Syans Biyomedikal nan lekòl mwayen an nan Lake Worth Middle ak Roosevelt Community Middle. Aplikan pou premye chwa pou kontinyasyon Lake Worth High pwogram Syans Biyomedikal, ki te komplete avèk siksè pwogram klas lekòl mwayen epi ki satisfè egizans elijiblite pwogram nan, yo pral plase yo nan lekòl segondè patnè a. Tout lòt aplikan yo dwe satisfè elijiblite pou pwogram nan.

K-8 Continuum Yon lekòl K-8 se yon lekòl distri a ki ofri jadendantan rive nan 8^{yém} ane. Elèv ki nan klas senkyèm ane nan lekòl K-8 dwe ranpli yon aplikasyon pou pwogram Espesyalizasyon kote yo endike lekòl K-8 la kòm premye chwa pou sisyèm an. Si genyen ase plas pou sisyèm ane nan lekòl la, elèv ki te nan lekòl la nan klas 4 ak 5^{yém} ane oswa ki rezide nan zòn limit lekòl la pou lekòl primè, y ap plase yo. Elèv k ap aplike pou yon pwogram ki mande odisyon oswa lòt kondisyon pou antre dwe satisfè kritè pou yo jije yo elijib pou plasman. Si genyen plis aplikan pase genyen plas, y ap plase aplikan ki rete nan zòn limit lekòl la pou lekòl primè oswa ki te nan lekòl la pou klas 4 ak 5^{yém} ane, atravè yon lotri seleksyon sou chans ki enkli yon plasman priyoritè pou tout aplikan ki rete nan zòn limit lekòl la pou lekòl primè a oswa ki te nan lekòl la nan klas 4 ak 5^{yém} ane, avan nenpòt lòt plasman.

Priyorate SAC Yo bay aplikan ki rezide nan zòn yo deziyen yo preferans si y ap aplike pou youn nan six lekòl sa yo: Morikami Park Elementary, Northboro Elementary, Poinciana Elementary, S.D. Spady Elementary, Bak Middle School of the Arts, ak Suncoast High School-Innovative Interactive Technology sèlman. Y ap plase jiska 50% elèv lekòl primè ak 25% elèv lekòl segondè ki genyen preferans sa a, sou chans, aprè yo fin plase elèv ki nan preferans 20% direktè/tris la, Anplwaye, Militè ak Kontinyasyon IB.

Frè/Sè Yo bay aplikan ki genyen yon frè/sè ki aktyèlman nan lekòl chwa kote aplikan an ap aplike preferans kòm premye chwa li prefere. Yo defini "siblings" kòm frè, sè, demi-frè, demi-sè, bòfrè oswa bëlsè k ap viv nan menm kay ak aplikan an. Preferans pou "frè/sè ki nan lekòl la" se sèlman si frè/sè a se yon elèv pwogram Chwa oswa Entèn ki kouramman nan menm lekòl chwa a epi li pral kontinye ale nan lekòl Espesyalizasyon an nan pwochen ane lekòl la. Yo konsidere frè/sè ki nan matènèl si yo enskri nan yon lekòl Chwa konplè sèlman.

Frè/sè a dwe asosye nan Tablo Fanmi an, yon fason pou yo kapab verifye preferans la. Yo p ap konsidere frè/sè ki kouramman nan klas 5, 8, oswa 12^{yèm} ane elijib pou preferans sa a kòm yo p ap pwogramme yo pou yo vini lekòl la nan pwochen ane lekòl la. Frè/sè yo ki pa asosye avan lotri Chwa a, p ap jwenn preferans frè/sè a pi devan.

Malgre frè/sè k ap aplike pou menm lekòl Chwa a p ap resevwa preferans nan lotri a, li enpòtan pou endike sa nan aplikasyon an, yon fason pou yo kapab idantifye yo fasilman kòm frè/sè k ap aplike ansanm. Yo dwe soumèt yon aplikasyon apa pou chak elèv kòm yo konsidere chak frè/sè separeman kòm yon aplikan pou lotri a. Frè/sè yo dwe nan lis nan seksyon "Sibling" la pou chak Aplikasyon pou Pwogram Espesyalizasyon, yon fason pou yo kapab verifye l. Yo pa garanti frè/sè k ap aplike ansanm ap jwenn plasman ansanm. Si yo pa t soumèt yon aplikasyon pou yon frè/sè k ap aplike, y ap aksepte yon aplikasyon anreta. Sepandan, yo pa garanti plasman. Y ap plase jiska 50% elèv lekòl primè ak 25% elèv lekòl segondè ki genyen preferans sa a sou chans aprè preferans 20% direktè/tris la, Anplwaye, Militè ak Kontinyasyon IB, ak Priyorate SAC fin plase.

Tandans* yo bay preferans si aplikan an te ranpli yon pwogram Chwa preparatwa ki menmjan an (Atizay, IB, FAU Biyomedical, STEM, Bileng, eltr.) nan yon pi piti klas. Aplikan k ap aplike pou yon pwogram 6^{yèm} ane dwe te konplete klas 4-5 nan yon menm tèm Chwa preparatwa pou yo resevwa preferans sa a. Aplikan k ap aplike pou yon pwogram 9^{yèm} ane dwe te konplete klas 7-8 nan yon menm tèm Chwa preparatwa. Tout lòt elèv dwe te konplete ane avan yo nan yonpwogram Chwa ki parèy. Y ap plase jiska 50% elèv lekòl primè ak 25% elèv lekòl segondè ki genyen preferans sa a, oaza, aprè yo fin plase preferans 20% direktè/tris la, Anplwaye, Militè ak Kontinyasyon IB, ak Priyorate SAC.

Pwosedi Aprè Lotri

Yonfwa yo pibliye rezulta lotri a, paran/respondab dwe aksepte plas apati ekran paran yo a pou yo konplete plasman nan yon pwogram espesyalizasyon an. Kowòdinatè pwogram lekòl la pral voye dokiman ki konsène pwogram nan, yo dwe retounen bay lekòl nan dat limit yo fikse a.

- Tout pwogram Chwa yo mande, kòm kondisyon pou admisyon, pou elèv ak paran/respondab yo siyen yon kontra kote yo dakò pou yo satisfè atant akademik, prezans ak konduit pwogram espesyalizasyon an.
- Akseptasyon yon plasman se yon rekonesans pwogram nan mande elèv yo pou yo respekte atant akademik ak konpòtman yo.
- Pwosedi Depatman Chwa ak/oswa règleman Komite Dirijan an apwouve konsidere kòm yon amandman nan nenpòt kontra pwogram aktyèl oswa pase.

- Elèv yo seleksyone epi yo aksepte nan yon pwogram chwa dwe dakò pou I patisipe sou yon baz aplentan. Elèv ki dezire patisipe nan Anwòlman nan de (2) pwogram/Admisyon Bonè/Vityèl aplentan dwe soti nan pwogram/lekòl chwa yo a epi retounen nan lekòl zòn yo si sa afekte abilte yo pou yo konplete pwogram etid ki egzijib pou pwogram Chwa yo a.
- Yonfwa yo plase yo nan yon lekòl, elèv yo pa kapab chanje pwogram nan sa yo te deziyen an atravè lotri a.
- Si adres yon elèv chanje epi chanjman sa a afekte deziyasyon zòn limit lekòl elèv la, y ap revoke plasman an.

Elèv Lekòl Prive

Elèv lekòl prive ki elijib dwe rezidan aplentan Rejyon Palm Beach. Pou yo kapab detèmine elijiblite pou plizyè pwogram, yo dwe soumèt kanè, relvednòt ak/oswa pòtfolyo elèv la bay lekòl aplikian an, pou detèminasyon elijiblite, pa pita pase 31 janvye 2025. Yo dwe tou telechaje dokimantasyon pou elijiblite yo nan aplikasyon sou entènèt la rive 31 janvye 2025. Kontakte Kowòdinatè Chwa a nan lekòl la (yo) pou plis enfòmasyon.

Pwosedi pou Pwobasyon ak Soti nan Pwogram

Si yon elèv soti nan yon lekòl pwogram espesyalizasyon, volontèman oswa envelopontèman, elèv sa a pa elijib pou I rete nan lekòl la kòm yon elèv ki pa nan pwogram espesyalizasyon. Paran oswa responsab la genyen dwa pou I retire elèv la nenpòt lè men yo rekòmande anpil pou I retire I nan fen semès oswa ane a.

- Y ap mennen envestigasyon sou pase moun nan pou sèten pwogram. Elèv ki pa pase verifikasyon an ap soti nan pwogram nan, nan fen premye peryòd nòt la.
- Tout pwogram Chwa yo mande pou elèv yo kenbe atant akademik ak konduit yo. Y ap mete elèv ki pa satisfè egzijans sa yo nan pwobasyon.
- Si yon elèv pa satisfè tèm pwobasyon yo nan fen peryòd nòt yo endike a, oswa yon ensidan nivo 3 oswa 4, daprè Kòd Konduit Elèv SDPBC a rive, yon komite lekòl ki genyen divès moun ak reprezantan Distri a, enkli manm ekip ki apwopriye k ap sipòte elèv la (sa vle di: ESE, 504,ELL, SBT, eltr) pral fòme pou revize, diskite, epi rekòmande aksyon ki apwopriye, enkli retire I nan pwogram nan selon egzijans pwogram lekòl la. Lekòl yo kapab retire elèv la nan fen yon peryòd nòt amwenske ta genyen yon ofans ki ta mande pou yo retire I (Disiplin nivo 3 oswa 4 oswa rekòmandasyon komite lekòl la).
- Paran/respondab legal, nan non elèv la, kapab fè apèl kont yon dezisyon pou yo retire I nan yon lekòl Chwa oswa pwogram jan sa endike anba la a.

Yo dwe soumèt yon demann alekri pou fè apèl sou yon Ekspilsyon, avèk fòm apwopriye (PBSD 2418), nan senk (5) jou lekòl apati avi alekri lekòl la sou desizyon pou I retire elèv la. **Klike la a pou telechaje PBSD 2418 Apèl Chwa Aplikasyon.**

Rezilta Lotri Chwa a

Rezilta lotri a pral pibliye 4 avril 2025.* Y ap poste rezilta yo nan Ekran Fanmi w la ammenmtany ap voye komunikasyon nan adres imel ki nan aplikasyon an. Yo p ap bay rezilta *nan* telefòn.

Yonfwa yo pibliye rezilta yo, paran/responsab legal elèv yo plase a dwe aksepte oswa dekline plas la sou kondisyon sa yo:

- Lè genyen plis elèv pase plas ki disponib nan yon pwogram, y ap itilize yon seleksyonsou chans nan kompitè pou chwazi elèv yo. Y ap mete elèv yo pa seleksyone pou yon plas nan yon lisdatant.
- Si elèv yo elijib, yo kapab resevwa sèlman yon plasman nan yon pwogram; y ap endike sa nan Ekran Fanmi an..
- Elèv ki resevwa yon plasman pou premye pwogram premye chwa yo pa kapab dekline plas la pou yo rete nan lisdatant pou dezyèm pwogram dezyèm chwa yo a.
- Si yon elèv dekline plasman nan premye chwa yo a, elèv la dwe fè plan pou l ale nan lekòl zòn li a.
- Si yo te plase yon elèv nan pwogram dezyèm chwa I a, li kapab dekline plas la pou l rete nan lisdatant premye chwa li a, si li satisfè kondisyon elijiblite pou pwogram sa a.
- Yo kapab pa seleksyone yon aplikan ki elijib nan nènpòt nan chwa li yo. Si sa rive, y ap plase elèv la nan yon lisdatant pou pwogram li elijib la (yo) epi yo kapab plase l nan nènpòt plas ki disponib lekòl la ta rapòte. Y ap endike sitiayson an nan Ekran Fanmi an.
- Si genyen plas ki vin disponib nan yon lekòl, yo kapab fè seleksyon sou chans nan konpitè apati lisdatant la, rive 3:00 p.m. nan premye jou lekòl la, ak eksepsyon pou elèv Pre-K3 ak Pre-K4 yo kapab plase pandan premye semèn lekòl la.
- Elèv yo plase nan pwogram Espesyalizasyon elijib pou yo patisipe nan atletis ak aktivite ekstraeskòlè nan lekòl Chwa kote yo ale a.
- Si yo pa seleksone yon elèv pou li ale nan yon pwogram Espesyalizasyon avan kòmansman ane lekòl 2025-2026 la, li dwe soumèt yon nouvo aplikasyon pou ane lekòl 2026-2027 la.

*Dat Rezilta lotri kapab chanje kòm konsekans kondisyon ki pa anba kontwol nou, enkli, men san sa pa limite a: Fèmti Dis tri/lekòl, reta nan operasyon toulejou distri lekòl la, chanjman nan kalandriye lekòl, konje, tès, eltr. Y ap anonse mizajou sou dat y ap pibliye rezilta yo.

Transpò

Yo bay transpò pou elèv Espesyalizasyon K-12 sou fòm estasyon bis ki nan Zòn Transpò Espesyalizasyon pou chak lekòl. Yo pa bay elèv ki plase nan pwogram Pre-K3 ak Pre-K4 yo transpò.

Komisyon Konsèy Lekòl la dwe bay transpò pou tout elèv ki enskri nan lekòl Chwa ak pwogram ki abite plis pase de kilomèt nan lekòl chwa a oswa pwogram nan, epi ki abite nan yon zòn transpò chwa ki deziyen.

- Estasyon bis pou lekòl Espesyalizasyonyo kapab limite epi lokalize byen pi lwen kay elèv la pase transpò pou lekòl ki nan zòn elèv la.
- Yo kapab plase elèv Chwa nan bis ki pi prè adrès lakay yo, yo te idantifye nan SIS (Sistèm Enfòmasyon Elèv).
- Estasyon bis lekòl Espesyalizasyon yo kapab pa nan distans apye pa rapò ak kay yon elèv. Yo p ap kreye estasyon bis adisyonèl pou elèv ki nan pwogram Espesyalizasyon.
- Se responsabilite paran an pou transpòte elèv la an tout sekirite nan estasyon bis ki pi pre a oswa lekòl la san yo pa konsidere kibò elèv la rete.
- Transpò nan Bak MSOA ak/oswa Dreyfoos SOA disponib tou nan Tri-Rail. Lekòl la kapab ba ou plis enfòmasyon.

Elèv Lekòl Vityèl

Elèv lekòl vityèl aplentan ki elijib dwe rezidan aplentan Rejyon Palm Beach. Pou yo kapab detèmine elijiblite pou plizyè pwogram, yo dwe soumèt kanè, relvednòt ak/oswa pòtfolyo elèv la bay lekòl aplikan an, pou detèminasyon elijiblite, pa pita pase 31 janvye 2025. Yo dwe tou telechaje dokimantasyon pou elijiblite yo nan aplikasyon sou entènèt la rive 31 janvye 2025. Kontakte Kowòdinatè Chwa a nan lekòl la (yo) pou plis enfòmasyon.